

គ្រួសារកសិករ



គ្រួសារកសិករដែលមានស្វាមីភរិយា
និងកូនៗ គួរតែយកចិត្តទុកដាក់
ទៅលើថ្នាំប្រយោជន៍សម្រាប់គ្រួសារ
នេះ ព្រោះថ្នាំនេះមានសម្រាប់
ប្រើប្រាស់សម្រាប់គ្រួសារកសិករ
ដែលមានស្វាមីភរិយា និងកូនៗ



SABOEN-AFRIDOL

ပုဂံကုမ္ပဏီ


ကုမ္ပဏီ၏ အဖွဲ့အစည်းကို အကျဉ်းချုပ်ဖော်ပြပါသည်။

ပုဂံကုမ္ပဏီ၏ ဝယ်ယူမှုနှင့် ရောင်းချမှုများကို
အကျဉ်းချုပ်ဖော်ပြပါသည်။
ပုဂံကုမ္ပဏီ၏ ဝယ်ယူမှုနှင့် ရောင်းချမှုများကို
အကျဉ်းချုပ်ဖော်ပြပါသည်။

ပုဂံကုမ္ပဏီ - အဖွဲ့အစည်း
ပုဂံကုမ္ပဏီ - အဖွဲ့အစည်း
ပုဂံကုမ္ပဏီ - အဖွဲ့အစည်း
ပုဂံကုမ္ပဏီ - အဖွဲ့အစည်း

ပုဂံကုမ္ပဏီ၏ ဝယ်ယူမှုနှင့် ရောင်းချမှုများကို အကျဉ်းချုပ်ဖော်ပြပါသည်။ T. B. C. - ပုဂံကုမ္ပဏီ -
ပုဂံကုမ္ပဏီ၏ ဝယ်ယူမှုနှင့် ရောင်းချမှုများကို အကျဉ်းချုပ်ဖော်ပြပါသည်။

ပုဂံကုမ္ပဏီ



ပုဂံကုမ္ပဏီ၏ ဝယ်ယူမှုနှင့် ရောင်းချမှုများကို အကျဉ်းချုပ်ဖော်ပြပါသည်။

Petikan saking serat-serat kabar sanès.

TANAH NGRIKI.

Papan anggègana ing Madioen. Ing mangsa poenika ingkang wadjib saweg madik pasitèn kanggé papan anggègana ing Madioen. Ingkang perloe papan waoe badé kanggé perloening motor maboer militèr.

Ing bab gégèran ing Wonogiri. Ing bab prakawis gégèran ing Girimarta, Wonogiri, ing sapoenika sampoen rampoeng papriksanipoen. Déné tetijang ingkang kalebet dados dakwa kapétang namoeng sakeðik.



Wangsoel saking Europa. Dinten Djoemoeah ingkang kepengker, Pangèran Sosro Negoro, inggih poenika Rijksgroote karadjan Koetei, ingkang nembé tindak saking Europa sampoen wangsoel ing tanah ngriki noempak kapal Johan de Wit. Inggihil poenika gambaripoen Pangèran Sosro Negoro (ing tengah) nalika doemogi ing Tandjoeng Priok kapetoe kalijan sadèrèkipoen Soeltan ing Koetei, A. Radèn Joeda Prawiro sakalijan.

Tetijang oekoeman ingkang sakit pest. Ingadjeng sampoen naté wonten pawartos, ing Bandoeng tampi pinðahan tijang oekoeman saking Garoet tjtjah 50. Saladjengipoen tetijang oekoeman waoe ladjeng kakintoenaken wangsoel dateng Garoet malih, awit tijang samanten waoe wonten 5 ingkang gegajoetan kalijan tijang ngadjal djalaran sakit pest. Sadoemoginipoen ing Garoet ladjeng dipoen. barak. Ing woesana jektos, tijang samanten waoe wonten 4 ingkang tilar donja djalaran sakit pest paroe. Tijang 4 waoe asli saking doesoan Babakan Slaäwi Torogong. Déné anggènipoen kaoekoem waoe djalaran ingadjeng ngoeboer bijoengipoen ingkang ngadjal djalaran sakit pest paroe, pangoeboeripoen sesideman.

Kalawarti énggal. Ing Bandoeng wonten kalawarti énggal nama Poestaka Rakjat, dipoen pangadjengi déning toewan San See Kiong. Antjasing kalawarti waoe soepados sageda dados slompreting rakjat.

Bandanipoen toewan Lie Djing Hian. Ingadjeng wonten pawartos, bilih toewan Lie Djing Hian, ingkang anggaðahi pabrik genðis kalih panggenan dados padosan poelisi babagan padjeg, saha poelisi ladjeng ambeskoep barang-barangipoen. Ingrikoe pinanggih wonten arta f 190.000.— woedjoed arta kertas anggagsal atoes oetawi njewoe roepijah.

Njadé genðis dateng Hongkong. Wonten pawartos, Nivas sampoen njadé genðis ingkang ragi petak dateng Hongkong, tjtjah 12.000 ton. Déné reginipoen pinten dèrèng katjarijos.

Pambikakipoen S. R. I. Kala malem Slasa wantji sonten S(iaran) R(adio) I(ndonesia) wiwit kabikak. Toemrap Betawi mirengipoen loemantar B. R. V. Ingkang moerwani medar-sabda secretaris S. R. I. ladjeng K. P. H. Panoelar, voorzitter comite, ladjeng B. K. P. H. Soerjoamidjojo, mratèlakaken menggah kadjenging S. R. I. poenika kadjawi Siaran Radjo, Indonesia, oegi ateges Ratoe. Woesana pambikakipoen dipoen pangandikakaken déning Goesti Radèn Ajoe Sekar Kadaton, sakawit basa Djawi, ladjeng Walandi, wosipoen moedji widadaning adegipoen S. R. I.

Directeur tindak salingkoeh. Wonten pawartos, toewan Zijlmans, directeur Soenanaatswerken kasoemerepan gaðah tindak salingkoeh. Commissie ingkang mariksa gaðah panoewoen soepados dados papriksaning Justitie. Déné Goepernoer sarembag kalijan Sampèjandalem Ingkang Witjaksana, soepados toewan Zijlmans waoe dipoen kèndalana kémawon. Toewin ladjeng katetepaken soepados toewan Zijlmans ngwangsoelaken arta f 10.000.— ingkang dipoen salingkoehaken.

Dr. Soesilo dipoen soeroehi dateng Malaka. Dr. Soesilo, pangadjenging panjegah sesakit malaria ing tanah ngriki, tampi soeroehan saking Hygienische sectie Volkenbond, soepados dateng parepatan tanah Melajoe ing Malaka, perloe njinaoe bab babagan waoe.

Noempak auto saking Betawi dateng Soerabaja. Toewan van der Sluys toewin toewan van der Heide, mentas njobi noempak auto Fiat S. A saking Betawi dateng Soerabaja, medal Poentjak toewin Bandoeng. Nalika biðal wantji djam 8 sonten, dipoen bektani djam ingkang dipoen zegel déning notaris D. J. M. de Hondt. Doemoginipoen Soerabaja djam dipoen tingali déning notaris H. W. Hazenberg. Mitoeroet katrangan, tebihing lampah 853 km. rikating lampah 84 km. ing dalem saedjam, déné dangoening lampah 10 djam 10 menit. Salebetipoen loemampah waoe namoeng kèndel wonten Tegal 8 menit, perloe ngedjogi bensin. Ing wekdal poenika kapétang auto sport ingriki ingkang rikak pijambak.

Arta padjeg kalintonan baow. Doemogining wekdal poenika padjeg siti ing laladan Banten kaðah ingkang dèrèng kabajar. Awit saking ririgenipoen ingkang wadjib tetijangipoen sami kapoerih ambajar baow kémawon. Panjamboetdamelipoen waoe toemandja kanggé padamelan Nagari.

Njirep lintah darat. Wonten pawartos, béndjing wiwitaning taoen 1935 ing Tjirebon badé wonten peken credietbank damelanipoen gemeente. Kadjenging bank waoe badé mitoeloengi tetijang sasadéan ing peken ingkang dados tjangkeremaning lintah darat.

Barbiers-Bond. Ing Semarang wonten comite toekang tjokoer (Barbiers-Bond). Comite waoe mentas ngawontenaken parepatan badé ngedegaken pakempalan Barbiers-Bond. Ing pangangkah, ing nagari poendi² soepados wonten pangipoen. Pangarsaning comite waoe toewan Soesantri.

Serat kabar Swara kasadé. Wonten pawartos, ing sapoenika serat kabar Swara sampoen dipoen sadé dateng babadan sanès. Kantoraning redactie toewin administratie ingkang roemijin manggen saeler Taman Siswa, sapoenika pinjah dateng kampoeng Djoeminahan. Katjarijos Swara waoe namoeng kasadé f 250.—toer namoeng tjog-tjogan kalijan toenggakan wragad pangetjap.

Sarem peteng ing Goenoengkidoel. Ing laladan Goenoengkidoel, wontenipoen tjang damel sarem peteng taksih wonten kémawon. Miangka manawi mirid kentjenging padjagèn, sampoen kañah tjang ingkang dipoen tjepeng toewin dipoen beskoep damelanipoen sarem. Menggah tjaraning damel, tetijang ingrikoe sami ngangsoe toja saganten ladjeng kadamel wonten ing grija.

Dipoen kéndeli djalaran dados warga Partindo. Wonten pawartos, toewan Moedikdo, ambtenaar pabéjan ing Semarang, dipoen kéndeli saking padamelanipoen boten hoeremat, amargi dados warganing Partindo.

Antjasing pakempalan P. S. M. ing Tegal. Ing Tegal wonten pakempalan nama „Persjarikatan Assirathol-Moestaqim“. Antjasing pakempalan waoe andandosi sabab² ingkang kalaras boten adamel saéning agami Islam, inggih ateges ngentjengaken agami, toewin kasaénan wewaton soeraosing Quer'an.

Salingkoeh ing pangetjapan Boedi Oetomo Soerakarta. Sampoen sawatawis woelan wonten pawartos, pangetjapan Boedi Oetomo ing Soerakarta wonten salingkoehan. Sapoenika wonten pawartos, sanadyan pamriksaning boekoe² dèrèng slesih, nanging kapitoenanipoen pangetjapan ingkang djalaran saking salingkoehan, sampoen pinanggih kinten² antawising f 20.000.—doemoegi f 25.000.—. Toewoehing salingkoehan waoe djalaran saking boten naté wonten papriksanipoen ingkang sami gañah aandeel, ingkang kala samanten dipoen direktoeri toewan Martodihardjo. Kadjawi poenika oegi wonten papriksa salingkoehan arta toemboekdamel fonds f 15.000.—.

Sawoeng Raad Kawoela. Regentschap Betawi ngladosaken pratelan ingkang kasawoengaken kanggé warga Raad Kawoela: toewan M. H. Thamrin, warga gedelegeerde Raad Kawoela, Mr. Joesoef Adiwinata, directeur pabrik kawekelan ing Bandoeng toewin Mr. R. Hadi wethouder Gemeente Betawi. Toemrap „Partij Ra'jat Indonesia“ njawoengaken Mr. Dr. Soeripto, ambtenaar pangadilan Landraad Betawi, M. Tabrani, goeroe partikelir ing Pamekasan, Amiartapoera, goeroe H. I. S. Tjiandjoer, Sardjono commies Departement Pangadjaran toewin E. I. K. Sinsoe geemploeyerde „Internatio“.

Wilde Partijen njawoengaken: R. T. Achmad Probonegoro, Boepati Betawi, M. H. Thamrin, H. A. Salim, Wiwoho, warga Raad Kawoela, Raden Achmad, voorzitter perkoempoelan kaem 'Oelama, Gadjali, pangeloel landraad Temangoeng toewin R.A.A. Wiranatakoesoema, warga Raad Kawoela.

Soentikan pest. Ing Bandoeng saweg ramé ngawontenaken rembag, ingkang katindakaken déning pangageng nagari toewin para dokter pakarjan Kasarasan bab badé nindakaken soentikan pest

ingkang dipoen panggihaken déning Dr. Otten. Gelenging rembag, béndjing wiwitaning woelan November badé nindakaken soentikan wonten onderdistrict Batoedjadar toewin Bandjaran, mendet sapa-ling tetijang ingrikoe. Toemrap Batoedjadar djiwanipoen wonten 40.000, Bandjaran 50.000. Déné ingkang badé kasoentik kinten² wonten 45.000. Béndjing taoen ngadjeng badé njoentik tetijang ing panggénan ingkang wonten sesakitipoen pest.

EROPA.

Gandjaran ingkang ageng sanget. Djoeroe anggegana Cambell Black, ingkang mentas balapan motor maboer saking Inggris dateng Australie, inggih poenika kantjanipoen Scott. Pijambakipoen naté nglamar dateng wanita sesakaring main tooneel nama Florence Desmond, nanging tanpa dipoen wangsoeli. Katjarijos nalika Cambell biñal balapan saking London kala 20 October, Florence witjanten makaten: „Jèn anggonmoe balapan menang. panglamarmoe taktampani“. Woensana nalika Florence noedjoe main wonten London, tapi telefoon saking Melbourne bab oenggoelipoen Cambell anggènipoen balapan. Ingrikoe ladjeng ngoemoemaken anggèning pepétjangan.

ASIA.



Minggah dateng redi Himalaja. Nalika Ir. Willy Merkel sakan-tjanipoen minggah dateng redi Himalaja, doemadaken manggih kasangsaran ingkang djalaran keñawahan redi ès saking nginggil. Pangadjenging lampah saha tjang² waoe kañah ingkang sami tijas Gambar nginggil poenika tetijang noedjoe wonten ing poe-tjak redi ingkang inggilipoen 6900 m.

Motor maboer Pandejager saestoe boten ngoekoep. Motor maboer Pandejager ingkang manggih sabab wonten ing Allahabad, sasampoening rampoeng panggarapipoen, badé ngladjengaken lampah toemoet balapan, nanging ladjeng kabesmi, rahajoe tetijangipoen sami saged ontjad. Saladjengipoen motor maboer waoe boten kalap babar-pisan.

|| កម្ពុជា រាជរដ្ឋាភិបាល ក្រសួងសេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ ||

ប្រកាសអំពីការអនុវត្តវិធានការណ៍សម្រាប់ការអនុវត្តកិច្ចសន្យាសហប្រតិបត្តិការសេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ រវាង កម្ពុជា និង ប្រទេសស្រីលង្កា ក្នុង ឆ្នាំ ២០១៧ ។

ក្រសួងសេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ បាន អនុវត្ត វិធានការណ៍ សម្រាប់ ការអនុវត្ត កិច្ចសន្យា សហប្រតិបត្តិការ សេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ រវាង កម្ពុជា និង ប្រទេសស្រីលង្កា ក្នុង ឆ្នាំ ២០១៧ ។ វិធានការណ៍ សម្រាប់ ការអនុវត្ត កិច្ចសន្យា សហប្រតិបត្តិការ សេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ រវាង កម្ពុជា និង ប្រទេសស្រីលង្កា ក្នុង ឆ្នាំ ២០១៧ ។

ក្រសួងសេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ បាន អនុវត្ត វិធានការណ៍ សម្រាប់ ការអនុវត្ត កិច្ចសន្យា សហប្រតិបត្តិការ សេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ រវាង កម្ពុជា និង ប្រទេសស្រីលង្កា ក្នុង ឆ្នាំ ២០១៧ ។ វិធានការណ៍ សម្រាប់ ការអនុវត្ត កិច្ចសន្យា សហប្រតិបត្តិការ សេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ រវាង កម្ពុជា និង ប្រទេសស្រីលង្កា ក្នុង ឆ្នាំ ២០១៧ ។